

# Bhaibheri re vana Rikukupai



## Mwana waMambo anoita mufudzi



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes  
Rakafanidzirwa ne: M. Maillot; Lazarus

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova  
Rakatorwa na: E. Frischbutter; Sarah S.

Story 10 of 60

[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

*Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*  
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.


Shona




Akaringa-ringa zvino. Achiona kuti hapana munhu akanga aripo, akauraya muIjipiti, achibva amuviga mujecha.




Muzuva rakatevera, Mozisi akaona vaHebheru vaviri vachirwa, achibva aedza kuti varege kurwa. Vakati kwaari, "Unoda kundiraya sezvawakauraya uya muIjipiti kanhi?"



Mozisi akatya nokuti munhu wose akanga aziva zvaakaita. Kana Farao akanga achiziva zvakanga zvaita Mozisi. Naizvozvo, Mozisi akatiza achienda kunyika yainzi Midhiani.



Mozisi akazorora patsime remvura. Vanasikana vanomwe vamupirisiti weMidhianivakazadza zvinwiro kuti vanwise makwai ababa vavo.



Vamwe vafudzi vakaedza kuvadzinga asi Mozisi akabatsira vanasikana ava.



Rueri, baba vevanasikana vanomwe akavaona achibva ati, "Makurumidza kudzoka nhasi."





Vasikana vakabva vataura zvakanga zvaitika, Rueri achibva ati kwavari, "Endai munotora murume akubatsirai muuye naye kuno."

9



Mozisi akagara naJeturo, achibva azoroora mwanisikana mukuru waRueri.

10



KuIjipita, Farao akafa. VaHebheru vakagomera nokuda kwouranda hwavo, ...

11



... vakadanidzira, kudanidzira kwavo kukasvika kuna Mwari.

12



Mozisi haana kuzviziva asi Mwari akanga akaronga kuti aenda kunobatsira vaHebheru vakanga vari kuIjipita.

13



Mozisi akanga ava namakore makumi nemana abva kunyika yeIjipita. Akanga ari mufudzi wemakwai aRueri. Zvichida, Mozisi akanga achifunga vanhu verudzi rwake.

14

Rimwe zuva, Mozisi akaona gwenzi rakanga richipfuta moto, asi rakanga risingatsvi.



15

Mozisi akada kuziva kuti chii chakanga chichiitika.



16

Mwari akaona Mozisi achitsaukira kuti aone gwenzi achibva ati kwaari, "Mozisi!" Mozisi akadaira achiti, "Ndiri pano hangu." Mwari akati, "Usaswedera pano. Bvisa shangu dzako nokuti paumire patsvene."



17

Mwari akati, "Ndinoda kukutuma kuna Farao kuti unobudisa vanhu kubva munyika yeIjipita." Asi Mozisi akanga achitya kuenda.



18

Naizvozvo, Mwari akataridza Mozisi simba rake guru. Akashandura tsvimbo yaMozisi kuita nyoka.




19

Mozisi akabva abata nyoka parumhinda, ichibva yashanduka kuita tsvimbo zvakare. Mwari akaita chimwe chisamiso zvakare.



20

Mwari akarayira Mozisi akati, "Isa ruoko rwako muchipfuva chako."




Mozisi akateerera, achibva aona ruoko rwake rwava nemaperembudzi rwati mbembe sechando.




Akaisa ruoko muchipfuva zvakare, onei rwashanduka zvakare.



Mozisi akaramba zvakare, achiti, "Handisi munhu anogona kutaura zvakana." Mwari akatsamwa nemashoko aya. Akati kuna Mozisi, "mukoma wako Aroni achataura manzwi auchamuudza."



Mozisi akadzokera kunaJeturo achibva arongedza zvinhu zvake, ndokudzokera kuIjipita.



Mwari akatungamirira Aroni kuti asangane naMozisi mugomo. Mozisi akaudza Aroni zvakanga zvarongwa naMwari nokuda kwevana veIsiraeri vakanga vari kuIjipita.



Vakadzokera vachibva vaenda kunotaurira vatungamiriri vevaIsiraeri. Mozisi akaratidza vatungamiriri zvishamiso, vakabva vaziva kuti Mwari achavabatsira. Pamwe chete, vakapfugama vachibva varumbidza Mwari.



27

Mozisi akazvishingisa achibva aenda kuna Farao akati, "Mwari vati rega vanhu vangu vaende."



28

Farao akadaira akati, "Handimuzivi iye Mwari saka handingatenderi vaIsiraeri kuenda."



29

Mwari vakanga vachashandisa simba ravo guru kuti vashandure pfungwa dzaFarao.



30

Mwana waMambo anoita mufudzi

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Ekisodho 2-5

"Mazwi enyu anotipa kuchena."  
Mapisarema 119:130

**Mwari anoziva** kuti takaita zvakaipa, zvaanoti zvitema. Mubairo wezvitema ndirwo rufu.

**Mwari anotida** akatuma mwanakomana wake, Jesu, kuzofira pamuchinjikwa akaripa zvese. **Jesu akamuka** akadzokera kudenga! Uye zvino Mwari anotiregerera zvitema zvedu.

**Kana uchida kusiya zvitema**, taura izvi kuna Mwari: Mwari ndinotenda kuti Jesu akafira ini akamukazve. Huyai mumoyo wangu, mundiregerere zvitema zvangu, ndive neupenyu hutsva ndigare nemi mazuva namazuva. Ndiraramireyi ndiraramire imi semwana wenyu. Amen. Johani 3:16

**Verenga Bhaibheri** kuti mutaure neMwari mazuva ese!